Pou Piblikasyon Imedya: 17/09/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PSC A PRAN MEZI SOU PLAN LI POU MEZIRE ABÒDABILITE SÈVIS PIBLIK ELEKTRIK AK GAZ NOUYÒK YO NAN KAD EFÒ POU KONTWOLE DEPANS YO

Kontinye inisyativ Gouvènè a pou abòdabilite enèji ki enkli nan Bidjè Eta a pou ane fiskal 2027 la

Chak konpayi sèvis piblik yo ap oblije kalkile yon endis abòdablite pou ka tarif k ap vini yo

Gouvènè Hochul te anonse ke Komisyon Sèvis Piblik la (Public Service Commission, PSC) (oswa Komisyon) te lanse jodi a yon pwosedi pou aplike plizyè inisyativ pou enèji abòdab ke li te mete presyon pou li ane sa a. Pwosedi PSC a ap avanse nan direksyon etablisman yon nouvo Endis Abòdablite Enèji ki pral itilize pou evalye abòdablite enèji nan Nouyòk epi pou fè plis avanse objektif Eta a pou kenbe depans sèvis piblik elektrik ak gaz anba sis pousan revni kay la. Lòd jodi a bay konsèy pwovizwa pou konpayi sèvis piblik yo ak moun ki gen enterè sou fason lwa a pral aplike akoutèm pandan nouvo pwosedi sa a ap devlope plis detay sou règleman yo avèk kontribisyon moun ki gen enterè yo.

Dapre plan Gouvènè Hochul la ki te enkli nan Bidjè pou Ane Fiskal 2027 la, si Endis Abòdabilite yon sèvis piblik depase sib sis pousan sa a (twa pousan pou elektrisite ak twa pousan pou gaz), Komisyon an ka enstale yon Monitè Abòdabilite endepandan pou bay plis kontwòl sou operasyon ak depans sèvis piblik yo. Monitè a ta fè yon rapò bay Komisyon an avèk yon evalyasyon sou faktè ki lakòz depans ki gen enpak sou abòdablite ak rekòmandasyon pou diminye depans yo. Endèks Abòdabilite a pral konekte tou ak ankourajman ki baze sou pèfòmans yo itilize nan konpansasyon pou egzekitif ak manm direksyon siperyè yo, konsa desizyon egzekitif yo ap aliyen ak kapasite kliyan yo genyen pou peye depans enèji yo.

"Mwen fè li yon pi gwo priyorite pou asire ke nou kenbe limyè yo limen epi depans yo ba pou tout Nouyòkè yo e aksyon PSC a jodi a baze sou efò sa yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Semèn sa a sèlman nou te anonse ke 1 milya dola nan chèk rabè enèji pral kòmanse ale bay 8.2 milyon Nouyòkè apati 21 septanm epi nou te kòmanse yon efò edikasyon ak enskripsyon agresif pou 2.5 milyon kay ki kalifye, men ki pa enskri, pou kredi sou bòdwo sèvis piblik ki rive jiska plizyè santèn dola pa ane ka pwofite ekonomi yo."

Prezidan PSC a Rory M. Christian te deklare, "Dis ane de sa, Komisyon sa a te etabli Pwogram Abòdablite Enèji a (Energy Affordability Program), ki se lidè nan peyi a, pou ede diminye chay enèji Nouyòkè yo lè li te egzije konpayi sèvis piblik yo pou yo bay rabè bay kliyan ki kalifye selon revni yo, epi ane sa a nou te elaji kalifikasyon pou kay ki rive jiska Revni Mwayen Eta a. Semèn sa a menm, Gouvènè Hochul te bay Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service) la enstriksyon pou l kòmanse yon gwo efò edikasyon ak sansibilizasyon pou enskri plis moun. Nouvo Endis Abòdablite sa a pral amelyore konpreyansyon moun ki gen enterè yo sou abòdablite enèji nan tout gwo konpayi sèvis piblik Eta a avèk yon metrik ki konsistan, ankouraje ekzekitif yo pou adrese enkyetid sou abòdablite, epi enfòme desizyon Komisyon an sou dosye tarif yo pou lavni."

Endèks Abòdabilite pou chak konpayi sèvis piblik pral enkli nan yon rapò anyèl Komisyon an pibliye, ki pral bay yon apèsi konplè sou tout Eta a sou nivo abòdabilite sèvis piblik yo, epi ki pral bay responsab politik piblik yo ak konsomatè yo yon nouvo zouti enpòtan pou suiv evolisyon abòdabilite sèvis piblik yo alavni.

Lòd Inisyasyon PSC jodi a bay konsèy pwovizwa pou konpayi sèvis piblik yo pou kalkile Endis Abòdabilite yo pou dosye tarif k ap vini yo ak pou premye dosye abòdabilite anyèl yo, ki obligatwa anvan 1e fevriye 2027. Enfòmasyon yo bay nan dokiman sa yo pral itilize nan premye rapò anyèl sou abòdabilite ki pral pibliye nan dat 1ye jiyè 2027 la. Yo pral kalkile Endis Abòdablite pwovizwa a lè yo divize depans mwayen anyèl yon sèvis piblik pou elektrisite oswa gaz rezidansyèl pa Revni Mwayen Eta a (oswa Revni Mwayen Zòn nan pou Con Edison ak National Grid nan sid eta a).

Ajanda Abòdablite pou Enèji Gouvènè Hochul la
Pandan tout tan li te nan pòs la, Gouvènè Hochul te konsantre sou bay moun ki peye bòdwo enèji yo soulajman.
Apre COVID, Gouvènè a anonse yon finansman yon sèl fwa 1.17 milya dola pou pèmèt prèske yon demi milyon kliyan rezidansyèl ak 56,000 ti biznis peye bòdwo sèvis piblik ki pa te abòdab pou yo, pi gwo pwogram asistans finansye pou kliyan sèvis piblik nan istwa eta a.

Depi li te antre an fonksyon an 2021, Gouvènè Hochul mete plis enpòtans sou fè lavi plis fasil pou Nouyòkè yo. Sa gen ladan l plis pase 6.6 milya dola (san konte chèk ranbousman enèji ki vo 1 milya dola y ap voye bay moun yo nan sezon otòn sa a) yo te bay kay k ap patisipe yo kòm èd dirèk pou peye bòdwo sèvis piblik yo, ansanm ak yon lòt 1.4 milya dola anplis pou sipòte pwojè ki vize amelyore izolasyon kay, efikasite enèji ak enèji renouvlab; pwojè sa yo pral ede diminye konsomasyon enèji ak bòdwo pou kay k ap patisipe yo.

Ane sa a, Gouvènè Hochul te mete an plas Ajanda Abòdabilite pou Enèji ki mete fanmi Nouyòk yo anvan gwo konpayi enèji yo pou ede fè fas ak ogmantasyon pri sèvis piblik yo. Nan sant efò sa a pou modènize apwòch Eta a pou règlemante sèvis piblik yo, genyen yon angajman pou asire enèji rete abòdab. Pwofi konpayi enèji yo pral depann

de kapasite yo pou bay bon rezilta kote sa pi enpòtan an: nan pòch moun yo. Konpayi sèvis piblik yo p ap gen dwa fè kontribyab Nouyòk yo peye pou aktivite lòbiyin, gwo kanpay relasyon piblik, don politik, ak vwayaj liksye. Yo pral mezire salè Direktè Egzekitif Jeneral (Chief Executive Officer, CEO) nan konpayi sèvis piblik yo selon kijan yo reyalize objektif pou fè enèji vin pi abòdab jan Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) la fikse sa. E si yon konpayi sèvis piblik fè pwofi depase, lajan sa a ap retounen bay kontribyab yo.

Plan Pwoteksyon Kontribyab (Ratepayer Protection Plan) Gouvènè a pral:

- Sispann ogmantasyon depans ki twò wo ki deranje moun anvan yo menm antre an vigè, lè li egzije yon disiplin fiskal ak transparans san parèy nan men konpayi sèvis piblik yo. Lè yo mande pou ogmante tarif yo, konpayi yo dwe pwouve ke pwojè envestisman yo vrèman nesesè epi yo eksplore tout opsyon pou jwenn solisyon zewo emisyon. Y ap oblije prezante tou yon opsyon ki gen limit bidjè ki kenbe depans fonksyònman yo anba to enflasyon an.
- Asire tout moun gen menm chans lè yo mande 14 mwa pou egzamine demann tarif konpayi sèvis piblik yo, epi PSC a ap kapab fikse tarif pou plizyè ane lè sa itil pou konsomatè yo. Otorite règlemantè Eta a pral egzamine de prè frè konpayi sèvis piblik yo ap faktire pandan pwosesis pou detèmine nouvo tarif yo. Objektif la se asire kliyan yo p ap sipòte okenn depans ki gen rapò ak ka tarif sèvis piblik yo lalwa pa egzije.
- Egzije pou yo kreye yon nouvo endis sou enèji abòdab ki pral montre klèman vrè enpak tarif sèvis piblik yo sou lavi chak jou Nouyòkè yo, pandan li ap konpare pèfòmans sèvis piblik isit la ak sa ki nan rès peyi a. Depi kounye a, konpayi sèvis piblik yo dwe demontre egzakteman enpak tout pwopozisyon pou ogmante tarif sou endis sa a — epi si yon revizyon tarif fè chay mwayèn depans enèji pou yon fanmi depase 6 pousan, Eta a ap kapab mete yon Kontwolè Endepandan sou zafè Enèji Abòdab dirèkteman nan direksyon konpayi an.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.